


Poukisa Ipopotam pa gen plim sou kò yo

 Basilio Gimo, David Ker

 Carol Liddiment

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

 2

 krèyol ayisyen [ht](#)



Yon jou, Lapen tap mache bò yon rivyè.



Ipo te la tou, li tap flannen enpi li tap cache
bèl zèb vèt.



Ipo pat wè Lapen, li mache sou pye li san'l pa
konnen. Lapen tonbe rele "Anmwey Ipo ! Ou
pa wè ou fèk pile'm?"



Ipo eskize li bò kote Lapen. Li di li “Eskize’m, mwen pate wè ou, tanpri padonnen’m!” Men, Lapen pa koute’l, li tonbe rele pifò “Ou fè eskprè! Yon jou, wap wè! Wap peye sa a!”



Lapen ale jwenn dife pou'l di li, "Ale mete dife sou Ipo lè li soti nan dlo a pou'l manje zèb ... Li pile'm!" Dife an reponn, "Pa gen pwoblèm Lapen, zanmi mwen, mwen pral fè sa ou mande mwen la a".



Yon lòt lè, Ipo tap manje zèb byen lwen bò rivyè a. Dife pete Woush!” enpi gwo flanm kòmanse boule plim Ipo.



Ipo pete kriye, li kouri nan dlo a. Tout plim sou tèt li te gen tan boule. Ipo kontinye kriye, "tout plim tèt mwen boule nan dife a! Bèl plim sa yo !"



Ipo pete kriye, li kouri nan dlo a. Tout plim sou tèt li te gen tan boule. Ipo kontinye kriye, "tout plim tèt mwen boule nan dife a! Bèl plim sa yo !"



Global Storybooks

globalstorybooks.net

Poukisa Iopotam pa gen plim sou kò yo

 Basilio Gimo, David Ker

 Carol Liddiment

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

